



Fè fas a Diskriminasyon ki Baze sou Orijin Nasyonal ak Eitati Imigrasyon

Yon Zouti pou Fanmi ak Edikatè

Lekòl piblik yo dwe louvri pou tout elèv, men pafwa elèv yo fè fas ak diskriminasyon poutèt orijin nasyonal yo oswa estati imigrasyon yo. Fòm diskriminasyon sa yo limite aksè elèv yo nan edikasyon e yo kont lalwa.

Tout timoun Ozetazini gen dwa egal pou yo enskri epi patisipe nan lekòl elemantè ak segondè piblik san yo pa konsidere sityasyon imigrasyon paran yo oswa gadyen yo.

Men sa ou bezwen konnen:

1

Distri lekòl leta yo pa gen dwa refize aksè a yon edikasyon pou nenpòt timoun ki baze sou sityasyon imigrasyon. Li se yon vyolasyon lwa federal pou distri yo entèdi oswa dekouraje timoun yo enskri nan lekòl piblik yo paske timoun yo oswa paran yo oswa gadyen yo pa sitwayen ameriken oswa yo pa gen dokiman imigrasyon.

2

Lekòl piblik yo dwe ofri sèvis asistans lang pou tout elèv ki gen konpetans angle limite epi idantifye elèv sa yo kòm elèv k ap aprann angle pou tout elèv ka patisipe nan tout pwogram edikasyonèl yo.

3

Lekòl leta yo dwe kominike enfòmasyon sou enskripsyon, klas, ak lòt pwogram edikasyonèl ak aktivite **nan yon lang ke tout paran, gadyen, ak moun ki ap sipòte ka konprann.** Lekòl yo ka akonpli sa nan tradwi enfòmasyon oswa bay entèprèt ki kalifye.

Lè lekòl piblik yo refize aksè egal a edikasyon paske yo te orijin nasyonal oswa estati imigrasyon, Seksyon Opòtinite Edikasyon nan Divizyon Dwa Sivil (CRT) nan peyi Etazini an. Depatman Jistis ak Biwo Dwa Sivil (Office for Civil Rights, OCR) nan Etazini Depatman Edikasyon ka ede nan ranfòse lwa federal ki pwoteje elèv yo kont diskriminasyon. CRT ak OCR pap mande paran, gadyen, oswa timoun sou sityasyon imigrasyon yo.





Men kèk egzanp sou kalite ensidan CRT ak OCR ka mennen ankèt sou:

ENSKRIPSYON LEKÒL LA:

Yon distri lekòl mande pou paran yo di si yo menm oswa pitit yo se sitwayen ameriken yo enskri pitit yo nan lekòl la. Distri a refize aksepte nenpòt dokiman, tankou kopi bòdwo sèvis piblik oswa akò kontra-lwaye, kòm prèv ke timoun nan ap viv nan limit distri a.

Yon nouvo jaden danfan te fèt nan yon lòt peyi epi li pa gen yon batistè. Lekòl la pa pral enskri timoun nan epi yo pa pral aksepte lòt dokiman, tankou yon sètifika relijye oswa lopital ak dat nesans timoun nan, yo montre ke timoun nan satisfè kondisyon laj distri a.

Fòm enskripsyon yon distri lekòl la lis "kat Sekirite Sosyal" kòm yon dokiman obligatwa. Lè paran yon nouvo elèv vizite biwo lekòl la, yo di yo ke yo pral bezwen bay nimewo sekirite sosyal timoun nan anvan timoun nan ka enskri.

Yon gadyen pa enkli ras pitit ou a oswa etnisite nan fòm enskripsyon lekòl piblik la. Yon ofisyèl lekòl la di gadyen legal la ke fòm lan pa konplè epi timoun nan pa ka enskri.

APRANN ANGLE AK PWOGRAM EDIKASYON:

Pandan enskripsyon lekòl la, yon distri lekòl pa fè sondaj sou fanmi ki nouvo nan distri a sou lang yo pale lakay yo epi li bay enfòmasyon sou enskripsyon sèlman nan lang angle.

Yon ofisyèl lekòl la di paran yon elèv k ap aprann angle ki gen yon andikap ke lekòl la pa ka bay tou de asistans langaj ak sèvis andikap bay elèv la paske nan konfli orè.

Yon distri lekòl bay paran yo enfòmasyon sou pwogram edikasyon ki gen don li an angle, men li pa tradwi oswa entèprete enfòmasyon yo pou paran ki gen konpetans angle limite.

E si yon timoun fè eksperyans diskriminasyon ki baze sou estati imigrasyon oswa estati elèv k ap aprann angle yo nan enskripsyon oswa patisipasyon nan lekòl piblik?

Ou ka kontakte CRT oswa OCR si:

- Ou kwè ke yon distri lekòl ap eseye anpeche oumenm oswa yon moun ou konnen enskri yon timoun nan lekòl poutèt orijin nasyonal oswa estati imigrasyon. Lwa federal egzije pou tout elèv gen aksè egal a lekòl elemantè ak lekòl segondè piblik yo, tankou elèv ki pa sitwayen ameriken.
- Ou kwè ke yon distri lekòl pa bay pitit ou oswa yon moun ou konnen sèvis lang yo bezwen. Lwa federal egzije pou distri lekòl yo idantifye elèv k ap aprann anglè yo epi ofri yo sèvis lang pou yo ka patisipe nan pwogram edikasyonèl yo.

Si ou te kontakte lekòl la epi li pa te pran etap sa yo adrese enkyetid ou oswa ou pa santi yo alèz ogmante enkyetid ou yo ak lekòl la, ou ka depoze yon plent ak Divizyon Dwa Sivil nan peyi Etazini an. Depatman Lajistis (Department of Justice) nan [civilrights.justice.gov](https://www.civilrights.justice.gov), oswa Biwo Dwa Sivil Ozetazini. Depatman Edikasyon nan www.ed.gov/ocr/complaintintro.html (pou pote yon plent nan lang angle) oswa www.ed.gov/ocr/docs/howto.html (pou pote yon plent nan yon lang ki pa angle).

Pou plis enfòmasyon, tanpri al gade zouti adisyonèl sa yo:

- [Fèy Enfòmasyon: Enfòmasyon sou Dwa Tout Timoun pou Enskri nan Lekòl](#)
- [Fèy Enfòmasyon: Asire Elèv k ap Aprann Angle yo kapab patisipe nan sans ak egalite nan Pwogram Edikasyon](#)